

## **BAB III**

### **METODE PANALUNGTIKAN**

Dina ieu bab medar desain panalungtikan, sumber data, téhnik ngumpulkeun data, sarta analisis data.


Metode panalungtikan nya éta cara nu dipaké ku panalungtik dina ngumpulkeun data panalungtikanana (Arikunto, 2006, kc. 160).

Ieu panalungtikan ngadéskripsikeyeun jeung nganalisis data anu aya dina kumpulan naskah drama *Kalangkang Urang* karya Arthur S. Nalan dumasar kana struktur carita drama jeung ajén moral nu aya dina éta kumpulan naskah drama. Metode nu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta metode deskriptif analitik . Nu dimaksud panalungtikan kalawan maké téhnik deskriptif analitik téh nya éta metode anu dipaké pikeun ngumpulkeun jeung ngadéskripsikeyeun data, nyusun papasingan, ngaanalisis jeung nafsirkeun data.

#### **3.1 Desain Panalungtikan**

Desain panalungtikan nya éta rarancang gawé nu miboga struktur dina hal hubungan-hubungan antar variabel sacara *komprehensif* sangkan hasil risétna bisa méré jawaban tina patalékan-patalékan risét (Umar, 2008, kc. 6).

Dina ieu panalungtikan aya sababaraha léngkah atawa tahapan panalungtikan nya éta tahap ngarumuskeun masalah, ngumpulkeun data, ngolah data hasil panalungtikan, nyieun kacindekan, sarta nyieun laporan. Désain nu dipaké dina ieu panalungtikan kagambar dina ieu bagan di handap.



**Bagan 3.1 Désain Panalungtikan**

### 3.2 Sumber Data

Sumber data dina panalungtikan nya éta subjék ti mana asalna data. Sumber data nu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta kumpulan naskah drama *Kalangkang Urang* karya Arthur S. Nalan. Kumpulan drama Sunda *Kalangkang Urang* aya dua jilid, jilid kahiji aya opat drama, nya éta: Kopiah jeung sarung (1998), Serabi Legendaris (2001), Sisit Kadal (2003), Ucing Kawin (2007). Jilid kadua aya tilu drama, nya éta: Karikatur nu gelo (2003), Kasur Butut (1999-revisi 2011), Benang Kusut (2007-revisi 2010). Jadi kabéh aya tujuh drama. Sakabéh téks nu kapanggih dina kumpulan naskah drama *Kalangkang Urang* karya Arthur

Wulan Nur Eryanti, 2015

**ANALISIS STRUKTUR JEUNG AJÉN MORAL DINA KUMPULAN NASKAH DRAMA KALANGKANG URANG KARYA ARTHUR S. NALAN**

Universitas Pendidikan Indonesia | [repository.upi.edu](http://repository.upi.edu) | [perpustakaan.upi.edu](http://perpustakaan.upi.edu)

S. Nalan dumasar struktur carita jeung ajén moral baris dititén tur diguar dina ieu panalungtikan.

### **3.3 Téhnik Ngumpulkeun Data**

Téhnik ngumpulkeun data mangrupa léngkah anu pangpentingna dina hiji panalungtikan. Nurutkeun Sugiono (2010, kc. 224), ngumpulkeun data bisa dilakukeun dina sababaraha kaayaan, sababaraha sumber, jeung sababaraha cara. Hal-hal anu kudu diperhatikeun dina téhnik ngumpulkeun data aya tilu bagian, nya éta léngkah tatahar saacan panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, jeung instrumén panalungtikan saperti nu di pedar ieu di handap.

#### **3.3.1 Léngkah Tatahar**

Saméméh panalungtikan, aya sababaraha léngkah nu disiapkeun. Dina tahap tatahar, léngkah anu dilakukeun nya éta ngajukeun judul panalungtikan, nangtukeun masalah jeung objék anu rék ditalungtik, ngumpulkeun sumber data panalungtikan ku cara talaah pustaka, jeung nyieun proposal panalungtikan.

#### **3.3.2 Téhnik Ngumpulkeun Data**

Téhnik nu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta téhnik talaah pustaka jeung téhnik analisis data. Téhnik talaah pustaka dilakukeun pikeun ngumpulkeun data atawa bahan-bahan ku cara macaan sarta neuleuman eusi jeung nalaah sababaraha pustaka nu raket patalina jeung masalah anu rék ditalungtik, tuluy datana diolah dina prosés analasis data. Objék dina ieu panalungtikan mangrupa kumpulan naskah drama *Kalangkang Urang* karya Arthur S. Nalan.

#### **3.3.3 Instrumen panalungtikan**

Instumen panalungtikan nya éta alat nu dipaké ku panalungtik dina ngumpulkeun data sangkan pagawéanana leuwih hampang jeung hasilna leuwih

hadé, dina hartian leuwih lengkep jeung sistematis sarta leuwih gampang diolahna (Arikunto, 2006, kc. 160).

Dina ieu panalungtikan digunakeun instrumen tabél pikeun ajén-ajén moral anu aya dina kumpulan naskah drama *Kalangkang Urang* karya Arthur S. Nalan. Anapon format tabél datana saperti ieu di handap.

### 3.3.3

#### **Format Ajén Moral dina Kumpulan Naskah Drama Kalangkang Urang Karya Arthur S. Nalan**

No	Judul Drama	Moral manusa ka Pangéran	Moral manusa ka dirina	Moral manusa ka manusa séjémna	Moral manusa ka alam	Moral manusa kana waktu	Moral manusa dina ngahontal kasugemaan lahiriah jeung batiniah

--	--	--	--	--	--	--

### 3.4 Analisis Data

Sanggeus data dikumpulkeun, léngkah satuluyna nya éta nganalisis data. Téhnik analisis data dipaké pikeun ngaguar data atawa téks nu kapanggih dina kumpulan naskah drama *Kalangkang Urang* karya Arthur S. Nalan. Sanggeus téksna dibaca, tuluy dipaluruh sarta diteuleuman nepi ka kapanggih struktur carita sarta ajén moral dina éta kumpulan naskah drama. Struktur caritana mangrupa téma, galur, tokoh, jeung *setting*, amanat sarta ajén moral nu satuluyna dipasing-pasing, dicindekkeun jeung ditafsirkeun. Aya sawatara léngkah dina nganalisis datana nya éta:

#### 3.4.1 Tahap Ngumpulkeun Data

Dina tahap ngumpulkeun data hal mimiti anu kudu dilakukeun nya éta maca sageblengna kumpulan naskah drama *Kalangkang Urang* karya Arthur S. Nalan. Tuluy sanggeus maca sageblengna nya éta nganalisis struktur dina kumpulan naskah dramana. Sanggeus dianalisis strukturna tahap anu saterusna nya éta nganalisis ajén moral dina naskah dramana.

#### 3.4.2 Tahap Ngolah Data

Dina tahap ngolah data hal anu kudu dilakukeun nya éta ngadéskripsikeun kumpulan naskah drama *Kalangkang Urang* karya Arthur S. Nalan. T. Sanggeus ngadéskripsikeun kumpulan naskah dramana tuluy déskripsikeun ajén moralna. Sanggeus didéskripsikeun tuluy dicindekkeun.

#### 3.4.3 Tahap Nyusun Laporan

Ieu tahap mangrupa tahap pamungkas dina ieu panalungtikan. Kagiattanna mangrupa nyusun laporan kana wangan skripsi.

Wulan Nur Eryanti, 2015

*ANALISIS STRUKTUR JEUNG AJÉN MORAL DINA KUMPULAN NASKAH DRAMA KALANGKANG  
URANG KARYA ARTHUR S. NALAN*

Universitas Pendidikan Indonesia | [repository.upi.edu](http://repository.upi.edu) | [perpustakaan.upi.edu](http://perpustakaan.upi.edu)